

Bonjou, Kominote Uncommon!

Depi nou deside fèmen lekòl nou yo nan mwa mas sa a, pandemi sante mondyal COVID 19 la fòse nou tout ajiste prèske tout aspè nan lavi chak jou nou yo mwa ki sot pase yo. Nan Uncommon, nou rapidman deplase nan aprann adistans et nou travaye pou toujou satisfè wo nivo edikasyon a ke timoun nou yo merite. Kan nou gade nan ane kap vini an, angajman nou pou bay yon edikasyon solid ak kè kontan kontinye san chanje.

Pandan ke nou manke anpil ke nou te ansanm an pèsòn kòm yon kominote ak elèv nou yo, nou konnen ke sante ak sekirite se priyorite pou ak priyorite tèt nou twò. Nou pase kèk mwa ki sot pase yo nan planifye pou nou akeyi ou kan ou toune – et nap fe konsiltasyon an chak etap de wout la ak ekspè nan sante et nou enkòpore direktiv sante ofisyèl ak gid lekòl pou kreye yon plan pou bay yon eksperyans edikasyon ki fò, men tou bay priyorite a sekirite anplwaye yo ak elèv yo.

Kòm nou tout konnen, direktiv eta ak lokal yo kontinye ap soti ak ajiste prèske chak jou - et nou ap mete plan nou an tou toujou ajou pou enkòpore direktiv sa yo. Avèk sa nan lide, nou ta renmen pataje avèk ou sa nou konnen sou lekòl ka sanble nan ane kap vini an.

Plan aktyèl nou an se yon modèl ibrid kote elèv yo ap divize an de gwoup kote yap patisipe an pèsòn omwen 2 jou pa semèn nan lekòl elemantè ak mwayen, et omwen 1 jou par semèn nan lekòl segondè, sou jou altène avèk aprantisaj adistans nan lòt jou yo.

Pandan nou kontinye resevwa konsèy nan men eta nou yo ak otorite lokal yo, nou pral mete ou ajou ak detail spesifik sou orè egzak la. Pou fanmi ki gen plizyè elèv, nou pral eseye kote posib pou kowòdone orè yo pou frè ak sè yo nan lekòl la menm jou a.

Avèk sa nan lide, nou ap prepare et nou eksite ofri tout kourikoulòm nou an sou entènèt ki pral sipòte tou de opsyon yo: an pèsòn ak adistans epi nan bay yon eksperyans aprantisaj fò nan kelke swa sitiyaasyon an. Nou ap kontinye travay tou pou asire ke tout elèv gen aksè a yon Chromebook ak entènèt, ki nou konnen se kritik pou aprantisaj adistans. Nou pral kominike ankò pi pre nan sezon otòn la pou konfime distribisyon an.

Sekirite elèv yo ak anplwaye yo se premiè bagay nan tèt nou pandan nou desine jou nou pwal jwenn an pèsòn.

Nou travay ak ekspè nan sante yo pou kreye règleman ak prekosyon ki senp, maintenable, et efikas.

Premyèman, nenpòt elèv oswa anplwaye ki montre sentòm maladi dwe rete lakay yo - pou pwòp byennèt yo ak sekirite lòt moun. Nou pral kontwòle sentòm pou tout elèv yo ak anplwaye yo anvan yo antre nan nenpòt nan bilding nou yo, et ladan nap fe tchèk obligatwa tanperati a tou.

Ekspè sante yo konseye ke mete mask ak kenbe distans fizik yo se de fason ki pi enpòtan nou ka diminye transmisyon viris la..

Pandan ke yo nan lekòl la, tout elèv yo ak anplwaye yo pral oblije mete mask, ki nou pral bay. Elèv yo ka pote mask pwòp yo de la kay la tou.

Tout elèv yo ak anplwaye yo ap kenbe distans sosyal tou. Sa a pral vle di ranplase sal klas nou yo ak gen mwens elèv yo nan chak chanm. Moman gwo gwoup nou an tankou rive lekòl, lekòl lage, manje, ak tranzisyon sal yo pral re-anvizaje pou yo repati ak separe.

Biwo nou yo ak salon yo pral espace tou, kontwole, ak dezenfekte pou satisfè pwotokòl distans ak netwayaj nou yo.

Nou pral netwaye ak dezenfekte espas nou yo regilyèman pandan ak nan fen jounen an, epi nou pa pral pataje materyèl yo.

Nou pral enkòpore lave men souvan pou tout moun, epi nap gen dezenfektan men disponib nan tout bilding yo an.

Plan nou an pral genyen tou règleman pou sipòte manm kominote nou yo ki gen plis risk medikal, swa poutèt pwòp sante yo oswa sante yon moun ki rete avèk yo.

Nou tout wè ki jan rapid done sante chanje jou sa yo. Nou pral kontwole seryezman kondisyon yo nan chak kominote nou yo epi nou pral rapid nan ajil si nou bezwen ale konplètman adistans pou pwoteje elèv nou yo ak anplwaye yo. Nou ap planifye pou nou fleksib ak ajil - ap vini ansanm lè li an sekirite, et nap kenbe kominote nou an adistans lè nou pa an sekirite.

Pandan ke nou vle anpil pou kap ansanm an pèsòn byento, nou pral sèlman fè sa si yo avize nou ke li an sekirite pou nou retounen nan bilding lekòl nou yo. Premye jou lekòl nou an ki planifye a se lendi 31 out, an pèsòn oswa adistans. Sepandan, nou an kontakte regilyèman ak ofisyèl eta a ak lokal yo e nou pral kontinye fè w konnen si sa bezwen chanje nan yon dat apre.

Kè nou kontan e eksite pou ane lekòl 20-21 la. Swa vityèl oswa an pèsòn, menm si eksperyans lan san dout pwal diferan ke nan pase lontan yo, n ap toujou asire nou kreye yon eksperyans ekstraòdinè (Uncommon) nan kominote a - plen ak aprantisaj ak lanmou pou chak et pou tout elèv.